

# DANJE!

## ANPWAZÒNMAN NAN MONOKSID KABÒN (CO)



OU PA KAPAB  
WÈ LI



OU PA KAPAB  
PRAN SANT LI



OU PA KAPAB  
TANDE LI



OU PA KAPAB  
BLOKE LI

Monoksid kabòn (CO) se yon gaz ki pa gen odè, li pa gen koulè epi li touye moun san avètisman. Li detwi lavi anpil santèn moun chak ane epi li fè anpil milye lòt moun vin malad. Anpil atik kay tankou founo ki boule gaz ak petwòl, dèlko pòtab ak griy ki sèvi ak chabon pwodui gaz pwazon sa a. Si ou swiv etap enpòtan sa yo sa kapab kenbe fanmi ou an sekirite.

### DETEKTÈ CO

- Enstale detektè CO ki fonksyone ak batri toupre chak chanm ki lakay ou.
- Tcheke detektè CO yo souvan pou asire yo fonksyone kòrèkteman.

### FOUNO KI FONKSYONE AK PETWÒL AK GAZ

- Fè yo enspekte founo ou chak ane.

### DÈLKO PÒTAB

- Pa janm itilize yon dèlko andedan kay ou oswa andedan garaj ou, menmsi pòt yo ak fenèt yo louvri.
- Itilize dèlko yo deyò sèlman, sou yon distans ki plis pase 20 pye avèk kay ou, pòt ou ak fenèt ou.



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

## PWOTEJE FANMI OU